gazetavpered@list.ru

Ассаламу гIалайкум!

ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№45 (6874) * 9 НОЯБРЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 30 ЖУМАДУЛ АВВАЛ 1448 с. *

Заманаялъул нух рагьана



Дагьал церегIан къоязда «БагIараб кьода» аскIосан чанго магIарул районазде ине рагьана заманаялъул нух. ГьабсагIаталда гьенисан хьвадизе рес буго бокьараб авторанспорталъе. Гьелъул халалъи бахуна 600 метраялде. Гьелъ рес кьолеб буго Шамиль, Хунзахъ, ЦIунтIа районазул ва БежтIа участкаялъул гIадамал «БагIараб кьо» къачIазегIан къокъаб нухдасан жиде – жидер районазде ва росабалъе хехго щвезе. Гьеб нухалда лъун руго нухазул гIаламатал.



Заманаялъул нух рагьизе гьенире рачIун рукIана Дагъистаналъул бетIер Ф. Щукин ва Дагъистан Республикаялъул ХIукуматалъул Председатель М. Рамазанов. Гьеб рагьун тIоцебесеб «Камаз» автомашинаялда рекIун нухалъул хIалбихьи гьабуна гьез.

Нух рагьиялде гьенире рачIун рукIарал аскIор ругел росабалъа гIадамазулгун букIараб гара – чIвариялда М. Рамазановас бицана щибаб къоялъ «БагIараб кьо» - ялда гьарулел хIалтIаби унел ругел куцалъухъ балагьизе гьенир камераби лъун рукIиналъул, гьеб кIвар бугеб хIалтIи букIиналъул. Цоязе гьеб рукъобе яги хIалтIуде нух батани цойгидазе гьеб нилъер республикаялде туристал рачIине ва предпринимателазе жидерго хIалтIи гьабиялъе рес кьолеб бутIа буго. Заманаялъул нух гьабиялда цадахъ унел руго «БагIараб кьо» - ялда гьарулел хIалтIабиги. Рорлъулел руго кьодул бакьулъ опораби лъеялда хурхун свояби лъезе бакIал гьариги. Къасе – къад абичIого хIалтIаби гьоркьор къотIизе толел гьечIо.

Заманаялъул нух хIалтIизе буго 2027 соналъул март моцIалде щвезегIан.







Баркула!

Баркула газеталъул юбилей!

Хьаргаби районалъулл «Церехун» газеталъул коллективалда баркула 75 сон тIубаялъул юбилей.

Жиндирго 75 сонил болжалалда «Церехун» газета лъугьана Хьаргаби районалъул тарихалъулъ ва рухIияб гIумруялъулъ тIей гьечIеб бутIалъун, гьелъул гьумерлъун, биччанте газета хадубккунги районалъул гIадамал берцинаб яшавалда гIумру гьабизе куцаялда ва гIодоса тIадего батараб халкъалъул гьуинлъи – вацлъи щула гьабиялда райадминистрациялъул божараб кумекчилъун хутIизе.

Гьарула редакциялъул хIалтIухъабазе жидерго жавабияб хIалтIулъ борхатаб рорженги, куркьбазе къуватги, къалмие бегIерлъиги.

М. ТIАГЬИРОВ,
районалъул бетIер



Профессионалияб байрамгун!

ХIурматиял районалъул жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъаби ва ихтиярал цIунулел гIуцIабазул ветеранал!

РакI – ракIалъго баркула нужеда тIаде щолеб бугеб профессионалияб байрам. Жакъа нужер кьеразулъ руго къвакIарал ракIазул, таваккалал ва ритIухъал ишазул, бокьараб лахIзаталда халкъалъул ва улкаялъул парахалъи ва къадру цIунун къватIире рахъине хIадурал гIолохъаби. Ниж киналго гьелдаса чIухIула ва роххула, аслияб къагIидаялъ мугъчIвайги гьабула нужер кумекалдеги, рахъкквеялдеги, цIуниялдеги.

Районалъул полициялъулазда байрамги баркулаго, гьарула гьезул бахIарчияб, гьебго заманалда хIинкъи цIикIкIараб хIалтIулъ тIадегIанал хIасилал.

Щивасе щулияб сахлъи, халатаб гIумру, хъизан – рукъалда талихI – рохел ва гьабулелъе икъбал.

М. ТIАГЬИРОВ,
районалъул бетIер

"Церехун" газеталъе — 75 сон

Районалъул газеталъул юбилей

«Коммунизмалъул нух», «Ахихъан», «Церехун»





Гъуниб районалдаса батIаги гьабун жибго жиндаго чIараб Хьаргаби район рагьараб мехалъ, кигIан магIишаталъул рахъалъ захIматаб заман букIаниги, цIияб район хIажалъана жиндирго хасаб районалъул газеталде ва I95I соналъ гIуцIана газеталъул редакция ва газета кьабизе гьитIинаб тиопографияги.



2026 соналъул I4 ноябралда 75 сон тIубала районалъул «Церехун» газеталъ.

РакI –ракIалъ баркула районалъул журналистазда, мухбирзабазда газета цIалулезда, тIолго районцоязда районалъул «Церехун» газеталъул юбилей.

Байбихьиялда захIмалъаби гIемер рукIана. ГIолел рукIинчIо махщел бугел журналистазул кадраби, цIакъго захIматго гурони щолеб букIинчIо полиграфиялъулаб техника. Гьелги ва цогидалги захIмалъабиги къинарун республикаялъул идарабазул кумекалдалъун I95I соналъул I4 ноябралда районалда къватIибе биччана тIоцебесеб «Коммунизмалъул нух» газета. Гьелъул редакторлъун КПССалъул Хьаргаби райкомалъул бюроялъ тасдикъ гьавуна Могьохъ росулъа Саламов ХIажи.

Гьелдаса хадуб 75 сонил гIумруялда анцIила кIиго редактор хисана районалъул газеталда.

Районалда газета гIуцIи гьеб букIана районалъул захIматчагIазе ва нухмалъулезе кIудияб лъугьа – бахъинлъун.

ТIоцересел къояздаго газета лъугьана районалъул социалиябгун экономикияб гIумру жаниб бихьулеб матIулъун, захIматалъул церехъабазе рецц гьабулеб хIурматалъул хъарщилъун. Газеталъ тIоцебесеб къоялдаса нахъего жидерго журналистазулги бакIалъулал мухбирзабазулги лъайги, бажариги, махщелги буссинабуна районалда хурухъанлъи, ахихъанлъиги цебетIезабиялде.

«ЦебетIураб хIалбихьиялъе гIатIидаб нух», «Къецалъ хIасил кьезе ккола», «Лабаллъабазда ахал гьари пайдаяб иш», - абурал рубрикабазда, ахIиязда гъоркь газеталъул мухбирзабаз ахихъаби ахIана цIиял бакIазда ахал гьаризе, гьел гIезариялъулъ цебетIураб хIалбихьи лъазабизе, лъикIаб тайпаялъул пихъаздаса пайда босизе.

Газеталъул гьурмазда хъвана лъикIал гIадатазулги, гIадамазулги, церетIурал магIишатазулги, сатираялъул гьурмазде кколаан ияхIнамус билизе таралги, гIаммаб хIалтIуде мугъ рехаралги, жавабчилъи билизе тарал магIишатазул, учрежденияз ул, организациязул нухмалъулелги.

Газетазда хъваралъул анализ гьабулаан, гьениб бугеб каламалъе битIараб къимат кьолаан КПССалъул райкомалъул бюроялда, райсоветалъул сессиялда.

Чанги ракIалдаса унарел макъалаби хъвана «Коммунизмалъул нух», хадуб Хьаргаби ва Унсоколо районал цолъизарураб мехалъ «Ахихъан» газетазда перо бегIерал журналистал Саламов ХIажица, ГIабдуразакъов Камалудиница, Дибир Къурбановас, МухIамад ХIажиевас, ХIайдарбег ГIалибековас, ХIайдарбег МухIамадовас, МухIамад ГIумаровас, Шамсудин КъурахIмаевас. Гьезул щивас жидеего хасиятаб, хасаб бутIа лъуна «Церехун» газета ярагьинабиялъулъ, гьелъул рагIи магIнаяб, гIужда щолеб лъугьинабиялъулъ. Гьезда гьоркьор руго Аллагьас мунагьал чурун ратаги гьезул, къоял лъугIун нилъедаса ратIалъаралги, мустахIикъаб хIухьбахъиялда ругелги.

Мина кколин абула гъоркь чIварал хIубаз, газеталъул хIубилъун ккола гьелъул мухбирзаби. Араб 75 соналда жаниб газеталъул гьурмаздасан цере рахъана, къоял лъугIун нилъедаса

"Церехун" газеталъе — 75 сон

ратIалъаралги ва жеги чIаго ругелги, гIадамазул рекIелъе бортулел рагIи абун бажарулел, бегIерал къалмил устарзаби МагIлиса МухIамадбегов ГIали, Могьохъа МухIамад ИманшапигIов, ХIоцоса ИсмагIилов МухIамад, Курмиса ГIумаров ГIабдулбари, Дарадаса Нажмудинов ГIусман, ГIаймакиса Амиров ХIажи, Малачиев МухIамад, Хьаргабиса Шамсудинов МухIамад, Танхалов МухIамад, Шигьабудинов МухIамад, ГIабдулкаримов МухIамад, Дибиров МухIамад, Хъвартихьуниса Сападиев АхIмадхIажияв, КIикIуниса ХIажиев Жаватхан, Курмиса Нурудинов МухIамадрапи, Сайпудинова Майсарат, Сайпудинов СайгидмухIамад, Давудов Гъази, ЗайнулгIабидов МахIсутI, Дарадаса МухIамадова Зунзул, Могьохъа Саламов МухIамад, ЧIарадаса Чухълов МухIамад, Мурадаса ТIагьиров ТIагьир ва гIемерал цогидалги.

Журналистазул рагIи газета цIалулезухъе щвезабиялъе, газеталъул гьурмал тIаде бер цIалел полиграфикияб рахъалъ берцинал рукIиналъе кIудияб квербакъи гьабулаан типографиялъул хIалтIухъабаз.

РехсечIого гIоларо заралияб цехалдаги хIалтIун газета гIужда къватIибе биччазе жидеда барабщинаб гьабурал, хваразул мунагьал чураги чIаго ругезе сахлъи кьеги, Хьаргабиса Мусаев ЖабрагIил, МухIамадов ГIамма, ЩагIбанов ХIамзат, АхIмадова ПатIимат, Садухъова РахIмат, ГIабасова Аминат, Могьохъа Хатимат ва ГIайшат Дадаевал. Районалъул газета «Церехун» абулеб цIаралъе мустахIикълъана Унсоколо ва Хьаргаби районал ратIалъараб мехалъ. РехсечIого гIоларо Хьаргаби партиялъул райкомалъе нухмалъи гьабулаго М. ЯхIяевас, ГI. ГIисаевас газеталъул хIалтIулъ жигараб гIахьаллъи гьаби гуребги, щибаб къойил кумекги, хъаравуллъи чIезабулаан гьелда хадуб.

Партиялъ нухмалъи гьабулеб заманалда редакциялъул букIана къайи баччулелде гIунтIун автотранспорт, макъалаби хъвалел мухбирзабазе кьезе гIарац (гонорар).

Газета кьабулеб машина хвани гьеб сагIаталда ахIулаан министерствоялде, ритIун рачIунаан мастерзаби, хIалтIи гьоркьоб къотIичIолъиялъе квербакъи гьабулаан.

Улкаялда демократияб низамги гIуцIун, базаралъулаб экономикаялде нилъ рачIарабго, тIубанго захIматаб хIалалде ккана районазул газетал. ЦIакъго мукъсанаб букIана редакциялъе харж гьабулеб гIарцул къадар, ункъго – щуго моцIалъ хIалтIухъ мухь щвечIеб заманги букIана. Гьединал захIматал шартIазда газета гьабуна ва жакъа къоялъги нилъерго «Церехун» газеталъе хилиплъичIого редакциялда хIалтIулел руго АхIмад МухIамадов, ГIайшат ХIамзатова, Хадижат МухIамадова гьезие кIудияб баркала буго. Риххана колхозал, совхозал, къана фабрикал заводал цо чанго нухалъ дагьлъана бакIаздасан редакциялде рачIунел кагъталги. Газета гьабуларо редакциялда хIалтIулев 4-5 хIалтIухъанас.







Газеталъулгун бухьен гьабизе ккола кинавниги учрежденият организациязул нухмалъулез, тIалаб гьабизе ккола киналго хIалтIухъабаз газеталъе подписка гьаби, районалъул администрациялдасан байбихьун росабазул администрациязде щвезегIан. Газеталдасан загьир гьаризе ккола жидер хIалтIуда гIадамазе гьабулеб пайдаял лъазабиял, букIине ккола жиб – жиб соналъул гьабураб хIалтIул хIисаб кьей.

Редакциялъул хIалтIухъаби кидаго хIадурал руго цадахъ рекъон, халкъалъе пайдаяб къагIидаялда хIалтIизе.

Хасго интернетги бугеб, жиде – жидер сайталги гьарун, гьелда гIейги гьабун нухмалъулелги чIани, газеталъе материалал кьезе жеги тIад ругел хIакимзабазги тIалаб гьабичIони, захIмат букIуна газета цIалулеблъун ва пайдаяблъун гьабизе.

РачIа нилъерго тарихалъулги, бугелъулги къимат гьабизе ва информациялъулаб алаталдаса битIун пайда босизе. Гьаб техническияб рахъалъ цебетIураб заманалда газета щиб гьабизе, - ян абулел цIакъго «церетIурал» гIадамалги камулел гьечIо.

Дунялалда бищунго газет, журналал цIалулеб, жидерго мацIги, тарихги, адабиятги, маданиятги цIунараб бакIлъун рикIкIуна Япония, гьениб къоялъ лъабго нухалъ къватIире рачIунелги руго газетал. Япониялдаса нилъ церетIурал ратилин дида кколаро.

Районалъул газеталъ жакъа тана 75 сон. Гьеб буго гьоркьохъеб къагIидаялда инсанасул гIумру, гьелъул тарихалде тIаде росана нахъа тарал бечедалги, мискиналги, пашманалги, разиялги къоял. Биччанте гIун бачIунеб гIелалда лъазе кинаб гIетIги тIун гьабураб нилъер мухбирзабазул гIагараб газета. Гьелъие нугIлъи гьабула анкьазаргогIан къватIибе биччараб номералъ.

Нилъ ругьунлъун руго араб какизе, бугелъул къадру – къимат мустахIикъаб гуреб къагIидаялда учуз гьабизе. РачIа аралъул ва гьабсагIат бугелъул адаб гьабизе, гьениса нилъее хIажатаб лъикIаб босизе, квешаб тезе.

ЦIиял рищарал Дагъистаналъул нухмалъулезги рахьдал мацIалги, нилъерго тарихги, гIадаталги, адабиятги цIунизе ккеялде кIвар кьолеб буго.

Хасал школазда гъваридго рахьдал мацIал малъизелъун ратIагьарун рихьизарулел руго, гьезул хIалбихьи цогидал школаздаги тIибитIизабизелъун.

Пачалихъалъул рахьдал мацIазде кIвар буссинабулел къоял гIемерлъана

8 сентябрь – Россиялъул халкъазул мацIазул къо.

21 октябрь – Дагъистаналъул маданияталъул ва мацIазул къо.

21 февраль – Халкъазда гьоркьсеб рахьдал мацIазул къо.

Гьеб кинабго гьабиялъе гIилла буго гIун бачIунеб гIелалъ рахьдал мацIалде мугъ рехулеб букIин, гьеб гьедин тани нилъ щиб миллаталъул чи кколел?

Районалъул газеталъул юбилеялъул баркиги гьоркьоб ккун бокьун буго рахьдал мацIалда 75 соналъ къватIибе биччалеб бугеб газеталдехун районцоязул кIвар буссинабизе.

Нилъералъулго къимат гьабичIони чияралъул гьабизе ккола. Газеталъул къимат гьаби ккола нижергун бухьен кквей ва газета хъвай, гьеб букIина нужер рахъалдасан нижеда барки ва гьабулелъе квербакъи.

Б. АХIМАДОВ

Авалалда хIалтIаби унел руго

Хьаргаби росулъ, «ГIодобгIурикIкIкIан» авалалда нухазде бетон тIеялъул хIалтIаби жеги унел руго. Киназулго цадахъаб кIудияб хIалтIул хIасилалда берцинлъи ва гIатIилъи бачIинабуна ЧIародинская къватIалда. Гьанже гьединабго хIалтIи гIатIидго тIобитIун унеб буго гьебго авалалъул Гъунибская къотIноб.



Бетоналъ бахчизабизе ракIалда буго 2900 квадратнияб метр нухалъул.

Аслияб харж гьабулеб буго росдал ва районалъул администрациялъ. КIудияб бутIа лъуна хIалтIи гьабиялъулъ авалалъул ва росдал гIадамазги.

Авалалда гIумру гьабулез кIудияб баркала загьир гьабулеб буго киназего. Аллагьас гьабураб квербагъари, кIалъараб кIал, кверчIвай азариде бахинабун кирилъун хъваги.

Нилъеца сверухъ берцинлъи гьабизе, росдал сипат лъикIлъизабизе къуват кьеги хадубги киназего.

«Хасалихълъиялъул» ярмарка ясли-ахалда



Гьал къоязда районалъул централда бугеб «Малыш» ясли-ахалда тIобитIана хасалихълъиялъул бечелъабазул ярмарка. Ярмарка тIобитIана ясли -ахалъул азбаралда.

Ярмарка байбихьана байрамалъулаб рагьигун. Ясли - ахалъул азбар букIана къачIан цIакъ берцинго. БагIарал, гIубилал, гIурччинал шариказул цIун букIана, гьединго кьачIан рукIана щибаб группаялъ жудерго столалги, гьарурал подделкабиги лъун. Столал бечедал рукIана, балагьигун берал риххулел рукIана, пирог-торталги, куракул, тIидул карщал, белъараб хъабахъ, салатал, нахъе - нахъеги гьуинлъаби, батIи – батIиял пихъал.

Ярмаркаялда лъималаз рикIкIана ва ахIана кучIдул. Гьаруна батIи–батIиял кьурдаби, сценкаби.

Гьеб къоялъ тIобитIараб тадбиралде гIемерал гьалбал рачIана, цохIо лъималазул умумул гурелги, гIагаралгIунтIаралги, районалда ругел учрежденият-организациязласа хъулухъчи-вакилзабиги.

ЦIакъ разиго хутIана ярмаркаялде рачIарал, гIемер мех бачIо ярмаркаялъул столал чIороголъана.

Баркала буго ясли-ахалъул нухмалъулезе, тарбиячагIазе, ярмарка бечелъизе квербакъи гьабурал лъималазул умумузе. Гьеб лъугьана лъималазул гIумруялда кIочонареб рохалилаб байрамлъун.



Паспортал кьуна

Гьал къоязда районалъул жанисел ишазул отделалъул миграциялъулаб пункталда Халкъазул цолъиялъул къоялъул хIурматалда 14 соназде рахарал гIолилазе тIоцересел паспортал кьуна.

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна миграциялъулаб хъулухъалъул нухмалъулев А. Сулеймановас ва соназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул инспектор М. ГIажидадаевалъ.

Гьез баркана гIумруялъул нухда цо хасаб бакI ккураб, ракIалда чIолеб тадбиралда гIахьаллъи гьабулезда байрам, бицана гьезул ихтияразул ва тIадал ишазул, законал тIуразе гьаризе ккеялъул.

Районалъул судалде экскурсия



Гьал къоязда Хьаргаби гьоркьохъеб тIоцебесеб школалъул лъабабилеб классалъул цIалдохъабаз районалъул судалде экскурсия гьабуна.

Лъималазда бихьана судалда бугеб ахIвал-хIал. Экскурсия байбихьана судалде жанире рачIунаго бугеб махбалагьулеб жоялдасан цо - цо ккун лъимал риччаялдасан. ЦIалдохъаби рачана щибаб судалда ругел кабинетазде: архивалде, судиясул рукъ бихьизе, судал жанир гьарулеб залалде. Судал гьарулеб залалда гьезда бихьана решеткабаз гьабураб суд тIад гьабулел ругел чи судалъул заманаялъ жанир рукIунеб рукъги.

Гьениб цIалдохъабазда бицана обществоялда судалъ кколеб бугеб бакIалъул.

Экскурсиялъул ахиралда судалъул хIалтIухъабаз лъимал рохизе сайгъатал кьуна. Лъимал цIакъ разиго рукIана судалде экскурсиялъ рачиналдаса.

Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в типографии ООО «Лотос», пр-т Насрутдинова, 61.
Претензии к качеству печати принимает типография.
Заказ № _____. Тираж 700 экз.

Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

Подписано в печать 5 ноября 2026 г. в 22:00.
По графику — 22:00.

Индекс 51350. Цена свободная.